



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LONG ISLAND RAIL ROAD RE-OUVRI WILLIS AVENUE NAN MINEOLA, KI FINI TOUT UIT ELIMINASYON PASAJ CHEMEN FEWOVYÈ YO NAN KAD PWOJÈ EKSPANSYON LIRR**

***Ekspansyon an gen ladan adisyon twazyèm vwa ki pral redui blokis, elaji kapasite nan 50%.***

***Lidè Sendika yo patisipe nan Lidèchip MTA pou selebre achèyman faz pasaj souteren gwo pwojè ki gen sipò plizyè santèn travayè konstriksyon - foto yo disponib [isit la](#)***

***De dènye pasaj yo nan chemen fewovye a elimine - sikilasyon veyikil yo kounye pase atravè yon doub pasaj souteren***

***Eliminasyon pasaj yo ogmante sekirite, amelyore kalite lavi kominote a nan redui anbouteyaj yo, son klaksòn tren yo ak son klòch avètisman yo***

***MTA ap pote avantaj pou piblik la amezi pwojè ekspansyon LIRR la ap avanse***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a re-ouvèti Willis Avenue nan anba lavil Mineola, inogire yon wout ki pase anba de nouvo pon fewovye yo. Pasaj souteren sa a ranplase yon pè pasaj fewovye nan nivo lari ki, pandan plizyè deseni, te kreye nwizans pou rezidan ki tou pre yo ak son klaksòn tren yo ak son klòch pasaj yo, ak otomobilis yo ki te oblije fè fas ak anbouteyaj avèk fèm ti pòtay pasaj yo. Pasaj yo se te setyèm ak uityèm lan ki pral elimine sou Koridò Lij Prensipal LIRR la nan mwens pase de ane nan kad pwojè a.

"Etap enpòtan sa a nan ekspansyon LIRR se yon lòt temwayaj detèminasyon inebranlab nou kòm Nouyòk pou pouswiv pwojè enfastrikti ki gwo, odasye menm lè nou fè fas ak sikonstans ki pi enprevizib ak akablan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè Twazyèm Vwa a se pral yon resous ki presye nan rezo fewovye pasaje New York la akòz li pral rann vwayaj sou LIRR pi aksesib ak pi sekirite pandan l ap elaji anpil kapasite tren an epi nou redevab anvè manm nan mendèv nou an ki te sou plas ap travay di pou kenbe pwojè sa a nan delè li pandan pandemi an".

Lidè Metye Konstriksyon Long Island (Long Island Building Trades), Matthew Aracich, Lidè Sendika SMART, Anthony Simon, ak travayè yo ki te fini dènye pasaj souteren nan pwojè Twazyèm Vwa a te inogire pa lidè MTA yo ki ofisyèlman ouvri dènye amelyorasyon sekirite. Pwojè Twazyèm Vwa a pral pote sèvis ki amelyore nan Long Island, sa gen ladan opsyon depasman ranvèse siplemantè, epi gen plizyè santèn travayè nan konstriksyon k ap fini li kote metye yo gen ladan elektrisyen, soudè, ouvriye, kamyonè, chapantye ak anpil lòt.

"Se yon etap enpòtan pou sa ki rete kòm egzant anblematik nouvo apwòch MTA k ap livre pwojè kapital yo alè ak selon bidjè a", **Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare**, "Anvan kòmansman Pwojè Ekspansyon LIRR la, gen plis pase 21 ane ki pase depi dènye eliminasyon pasaj la, men gras ak nouvo fason n ap reyalize travay kapital yo, ekip pwojè Twazyèm Vwa a te elimine uit pasaj fewovye mouvman nan mwens pase de ane. Se yon egzant tou sou fason n ap konsevwa pwojè pou pote eleman ki fini bay piblik la san tann tout pwojè a fini".

**Prezidan Long Island Rail Road, Phil Eng, te deklare**, "Gras ak dènye etap enpòtan nan eliminasyon pasaj a nivo sa a, seksyon konplèks sa a nan sistèm fewovye nou an kounye pi sekirite pou kliyan nou yo ak pèsonèl nou an, ansanm ak otomobilis, siklis, pyeton nan kominote n ap sèvi yo. Pwojè Ekspansyon LIRR la se te toujou konsènan kreye yon chemen fewovye ki pi sekirite, pi aksesib ak pi solid pou plizyè milyon moun ki itilize li chak ane. Mwen fyè pou di a chak achèyman pwovizwa, n ap fè sa tounen yon reyalite pou kliyan yo kounye a ak pou jenerasyon itilizatè chemen fewovye alavni yo".

**Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building & Construction Trades Council) nan Konte Nassau ak Suffolk yo, Mattew Aracich, te deklare**, "Pwojè Twazyèm Vwa a se yon pwodui sektè prive ak piblik la ki travay ansanm pou livre ak tout efikasite yon pwojè ki pral benefisye piblik la pou plizyè deseni alavni. Ewo reyèl yo dèye pwojè sa a se travayè yo, kote menm pandan yon pandemi, te prezante pou travay pou asire dat limit yo respekte epi pèmèt pwojè a an antye fini alè".

**Prezidan Jeneral SMART Union, Anthony Simon, te deklare**, "Li jis ke byen anvan Fèt Travay la manm travay òganize yo te mete ansanm pou selebre achèyman yon lòt gwo pwojè. Travay ki fèt chak jou pa pase inapèsi—mèndè nou an prezante, mobilize ak livre travay la, epi se gras ak yo ke chemen de fè a pral pi sekirite ak pi aksesib pou rezidan Long Island yo".

Sa gen ladan Willis Avenue, sis pasaj te ouvri pou sikilasyon depi 6 septanm 2019, kote ekipaj yo te re-ouvri Urban Avenue nan New Cassel kòm yon pasaj souteren. Nan New Hyde Park, ekipaj yo te re-ouvri Covert Avenue nan 12 oktòb 2019 ak New Hyde Park Road nan 24 out 2020. Nan Westbury, ekipaj yo te re-ouvri School Street nan 13 novanm 2020. De pasaj, nan S. 12th Street nan New Hyde Park, ak Main Street nan Mineola, te fèmen nan 24 oktòb 2020 ak 27 fevriye 2021. Ekipaj yo ap konstwi yon pasaj souteren pou pyeton nan S. 12th Street ak yon pasaj siperyè pou pyeton nan Main Street.

Eliminasyon pasaj Willis Avenue an san parèy akòz li anglobe de pasaj separe. Pasaj souteren ki fèk konstwi an mennen otomobilis yo an tout seikriite anba vwa Liy Prensipal ak Branch Oyster Bay la, ki ede sikilasyon veyikil ak pyeton yo fèt alèz, diminye echapman veyikil, elimine klòch avètisman yo ak bri klaksòn tren yo epi amelyore kalite lavi kominote a.

Eliminasyon alè pasaj Konstriksyon ak Devlopman MTA yo se jis yon avantaj siyifikatif antisipe nan pwojè ekspansyon transfòmatif la, ki gen ladan tou renouvèlman estasyon yo, elevasyon pon yo ak amelyore entèripte ak enfrastrikti anvan manm ekipaj yo ajoute yon twazyèm vwa nan Liy Prensipal LIRR la pou diminye blokis, elaji kapasite chemen de fè a jiska 50 pousan de konsè avèk sèvis nan Grand Central Terminal la, epi ankouraje trajè envèse pou Long Island soti nan Vil New York.

Ansanm, amelyorasyon yo pral ede transfòme transpò atravè rejyon an epi bay yon sistèm fewovye fyab, dènye kri pou rezidan Long Island yo. Pou plis enfòmasyon sou 100 + pwojè yo etabli pou transfòme LIRR la, vizite [aModernLI.com](http://aModernLI.com).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)